O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ

QARAQALPAQ FİLOLOGİYASI FAKULTETİ
JURNALİSTİKA KAFEDRASI

TELEKO’RSETIW A’MELYATI’
pa’ninen

# R E F E R A T

## TEMA: TELEVIDENIEDE SPORT SHOLIWSHILAR SHEBERLIGI

Or?nlag’an: Jani’bekova J.

Qab?llag’an: Қ.Қалекеев

N O’ K İ S – 2014

# TEMA: TELEVIDENIEDE SPORT SHOLIWSHILAR SHEBERLIGI


**KIRISIW**

**I.** «QARAQALPAQSTAN» TELEKANALINDA SPORT RUBRIKASI ASTINDAG’I KO’RSETIWLER.

**II.** «QARAQALPAQSTAN» TELEKANALINDA SPORT SHOLIWSHILARININ’ FUTBOL OYINLARINA SHOLIW JASAW USILLARI.

**III.** TELEVIDENIEDE «SPORT» KANALI HA’M ONIN’ O’ZGESHELIKLERI.

**JUWMAQLAW**

**PAYDALANILG’AN A’DEBIYATLAR**

# KIRISIW

Elimiz g’arezsizlikke eriskennen kiyin g’alaba xabar qurallarina degen talap bir qansha artti. G’alaba xabar qurallari jan’asha jumis islew formalarina o’tti.

Bul O’zbekstan Respublikasi prezidentinin’: «Erkin ha’m g’arezsiz g’alaba xabar qurallari ha’r ta’repleme rawajlaniwi lazim. Olar haqiyqiy ra’wishte ha’kimshiliktin’ to’rtinshi tarmag’i boliwi da’rkar» degen pikirinin’ is ju’zinde orinlaniwi boldi.

G’alaba xabar qurallari arasinda televidiniede en’ jas taraw. Payda bolg’anina endi yarim a’sirden ko’birek waqit boliwina qaramastan, ol o’z auditoriyasinin’ ken’ligi, operativligi menen de u’lken mu’mkinshiliklerge iye.

Televidenienin’ ko’rsetiwler sani ko’p bolip, olar g’a’rezsiz elimizdin’ ishki ha’m sirtqi siyasatin na’siyatlawda, a’melge asiriwda roli ayriqsha bolmaqta.

Bizin’ referat jumisimizdin’ temasi: Televideniede sport sholiwshilar sheberligin aniqlawg’a bag’darlang’an.

## I. «QARAQALPAQSTAN» TELEKANALINDA SPORT RUBRIKASI ASTINDAG'I KO'RSETIWLER.

Sport dosliq elshisi. O'zbekstan Respublikasi prezidenti I.A. Karimov atap o'tkenindey ; «Hesh na'rse sport siyaqli ma'mleketti du'niyag'a tanita almaydi».

Sport jurnalistikasina itibar elimizde ma'mleketlik siyasat da'rejesine jetip, 2003-jili 4-noyabrde O'zbekistan Respublikasi Ministirler kabiynetinin' «Ommobiy sport targ'ibotini yanada kushaytirish shora-tadbirlari to'g'risida»gi qarari baspa so'zde jariyalandi.

Qararg'a negizlenip 2004-jildan baslap "Sport" kanalin sho'lkemlestiriwdi maqset etti.

Qaraqalpaqstanda "Sport" telekanali ele sho'lkemlestirilmegeni menen jergilikli telekanalda "Sport" rublikasi astinda bir qansha ko'rsetiwler, reportajlar, translyatsiyalar berilip atirg'anin ayriqsha atap o'temiz.

Qaraqalpaqstan televedeniyesinde sport jurnalistleri komandasi qa'liplesip kiyatir.

Jurnalist O'mirbay Esbergenov milliy gures oyinlarin alip bardi. Jaqin waqitlarg'a shekem journalist Aydos Jumabaev futbol oyinlarina sholiw jasadi. Bu'gingi ku'ni bul waziypani journalist Quwandiq Bekbauliev alip barmaqta. Q.Bekbauliev tek g'ana futbol oyinlarina sholiw jasap qoymastan sporttin' ha'r tarawi boyinsha o'z ko'rsetiwlerin tayarlap kelmekte.

Q.Bekbauliev “Jayxun” komandasi oyinlarina sholiw jasag’anda og’an futbol sholiwshisi Sag’indiq Janiev ja’rdem berip keldi. Olardin’ dialog formasinda alip barg’an sholiwi  forma jag’inan izleniwshilikti keltirip shig’arg’ani menen, mazmuni jag’inan ele de jetilistiriwdi talap etetug’in edi.

Sport jurnalistikasindag’i da’stu’rlerdin’ biri sportshilardin’ kommentatorliqqa o’tiwi sanaladi. Misali, Rossiyada ko’pshilik belgili sportshilar o’zinin’ sport kareralarin juwmaqlag’annan son’ commentator bolip ketedi. Ma’selen, Olga Barabanshikoba (buring’i tennisistka) menen Evgeniya Pavlinalar (buring’i gimnastka) NTV menen STV da ko’rsetiwlerdi alip baradi.

Sport-bul suwret, al commentator onin’ ma’nisin tu’sindiriwshi. Aldinnan aytip beriwshilik, temp, dinamika-professional sport kommentatorlarinin’ basil belgileri esaplanadi.

Biz Qaraqalpaqstan televedeniyesindegi futbol translyatsiyalarin ko’rip, sholiwshinin’ kelerdi aytatug’inin aldinnan bilip otiramiz.

Bizlerdin’ sholiwshilar shablon boyinsha jumis isleydi. Tekte oyinnin’ juwmag’in aldinnan aytiw qiyin. Biraq, oni komentatordin’ tu’sindiriwisiz-aq toliq bilip aliwg’a boladi.

Ma’selen: “Top asirildi”, “Pa’lenshege jetkerip berildi”, “Top siziqtan shig’ip ketti” ha’m tag’i basqa.

Elimizde g’a’rezsizlikke jetiskeli berli, televedeniyede ko’rsetiwler mazmuni o’zgergenin biraz moyinlaw kerek. Lekin da’wir talabina juwap bermeydi.

Ha’zirgi zaman talabi-ko’rsetiwlerdi mazmun jag’inan da, forma jag’inan da o’zgertiw za’ru’r. Misali, O’zbekistan televedeniyesinde

u’lken o’zgerisler ju’z berdi. Telejurnalistlerdin’ jumis islew sheberligi artti.Endi buring’iday tayarlang’an ko’rsetiwlerinde diktorlarg’a tekstlerdi oqitip qoymay, ekrang’a alip bariwshilar ko’rine basladi.

Bolg’an waqiyalarg’a, ju’z bergen ha’diyselerge jurnalist sipatinda analiz jasadi, kerek jerinde oz pikirin bildirdi.

Sport sholiwshisi tek te ana tili ha’m a’debiyatinan g’ana emes, al sport oyinlarinin’ qag’iydalarinan, onin’ tariyxi sirlarinan da xabardar boliwi kerek. Eger imka’niyati bolsa, sholiwshinin’ o’zi de sporttin’ qanday da bir tu’ri menen turaqli shug’illaniwi lazim. Sonda g’ana sholiwshi oyin to’reshisinen bir qa’dem aldinda ju’redi. To’reshi qol ha’reketi menen oyin qag’iydasi buzilg’anin yaki oyinnan tisqari jag’day ju’zege kelgenligin aniq aytip bere aladi. Onin’ u’stine komandalar qanday oyin usilin ko’rsetip atirg’anin da aytip bere aladi.

## II. “QARAQALPAQSTAN” TELEKANALINDA SPORT SHOLIWSHILARININ’ FUTBOL OYINLARINA JASAG’AN SHOLIW USILLARI.

“Qaraqalpaqsatan” telekanalinda “Sport” rublikasinda ko’rsetiwler beriledi, arnawli sport ko’rsetiwleri bar, “Xabar” informatsiyaliq bag’darlamalarinda sport xabarlari turaqli berilip bariladi.

Biz futbol oyinlarina sholiw jasaw usillarin taliqlag’animizda Qaraqalpaqstan telejurnalistleri zaman menen ten’ oyinlardi sholiwg’a umtilmaqta. Biz telekanalda tuwridan-tuwri tranlyatsiyalardi ko’re almadiq, oyinlar bir ku’n o’tip ketkennen keyin reportaj formasinda beriledi. Qiziq ta’repi sonda, «Xabar» da’stu’rinde oyinnin’ juwmag’i aytiladi, son’ ko’rsetiwler son’inda futbol oyininan reportaj beriledi.

A’lbette, tuwridan-tuwri alip berilgen futbol oyinlarinin’ zawqi basqasha boladi.

Kommentatorlardin’ sheberligi oyindi su’wretlew emes, al oying’a bolg’an auditoriya qizig’iwshilig’in payda etiw kerek.

Ha’zirgi waqitta Qaraqalpaqstan telekanalinda futbol oyinlarina telejurnalist Q. Bekbawliev sholiw jasap barmaqta.

SHoliwshinin’ so’zlerin tin’lap otirip, biz onin’ awiz eki so’ylew tiline ta’n so’z dizbeklerin ko’p isletkeninin’ gu’wasi bolamiz. Ma’selen, «jaraqati awir bolmag’ay-da’! Qalay bolg’anda da ol bizin’ en’ jaqsi oyinshilarimizdin’ biri» dep aytqanlari auditoriya ushin ersi tu’yiledi.

SHoliwshi emotsiyag’a berilip ketip, «sudiyada da bunday waqiyalar boladi» dep aytip jiberedi. «Sudiya» so’zin «To’reshi» dep o’zi son’inan atap o’tedi.

Ha’zirgi waqitta Braziliyada o’tkerilip atirg’an ja’han shempionatin (futbol boyinsha) O’zbekstan telekanali tuwridan-tuwri efir arqali alip ko’rsetip, olarg’a sport kommentatorlari sholiw jasap atir. Tuwridan-tuwri efir sport sholiwshisinan u’lken sheberlikti talap etedi, sebebi «aytilg’an so’z, atilg’an oq» degendey, tuwridqan-tuwri efirde qa’teni du’zetiwdin’ imkaniyati bolmaydi. SHoliwshidan u’lken talapshan’liqti talap etedi.

Qaraqalpaqstan telekanalinin’ sport ko’rsetiwlerinin’ sholiwshilari Rossiya, O’zbekstan telekanalllarinan u’lgi alip jetiskenliklerge erisiwleri kerek.

Qaraqalpaqstan telekanalinda sport sholiwshilari «usi», «jan’ag’i», «mine», «mine ko’rip otirsizlar», «mine, mine» degen so’zlerdi, ga’plerdi ko’p isletedi. A’lbette televizor ko’rip otirg’an adamg’a «mine, mine» dep siltew bere beriw orinli emes.

Biz usi Orinda O’zbekstan televidinesinin’ «Sport» telekanali jurnalistleri menen jergilikli jurnalistlerdin’ tayarlag’an futbol translyatsiyalarin salistirdiq.

Bizin’ televidinemiz ja’;miyetkerleri futbol jarislari bolip o’tkenin, onda komandalardin’ utislarin ha’m ele dawam etip atirg’ani tuwrali mag’liwmatlardi keltiriw menen sheklenedi.

Al «Sport» kanali sholiwshilari futbol oyinlarinin’ to’rt orinda o’tkergenligin, bul to’rt stadionnin’ jaylasiw orinlarin, olardag’I imkaniyatlarg’a ken’ toqtap, qaysi gruppad’a qanday komandalar qatinasip atirg’anlig’in biurme-bir bayanlap, olardin’ imkaniyatlarinda atap o’tti. Son’inan komandalardin’ utilislarinin’ negizlerine toqtap, analizge tartti. Qaysi komanda finalda oynaw imkaniyatina jaqin

ekenliginde boljawg'a shekem bardi. Bul kelesi oyinlarg'a degen auditoriyanin' qizig'iwshilig'in payda etedi.

Televidine ko'rinisti, hawazdi, tekstti o'zine qamtiw menen basqa g'alaba xabar qurallarinan biraz o'zgeshelenedi.

Telejurnalistikadag'i jurnalist ko'rsetiwleri o'mir ko'rinislerin aniq ra'wshan bergeni menen ba'ri-bir ol do'retiwshilik miyneti esaplanadi. Oni turmistin' nag'iz ko'shirmesi dep esaplaw bir ta'replemelikke alip keledi. Bir qarag'anda, ne bolg'an bolsa tap soni solayinsha ko'rsetip atirg'anday bolg'ani  menen, bul jerde de montaj, redaktorlaw usillari orin aladi.

So9l siyaqli televidinede berilip atirg'an millonlar oyini futbol boyinsha ko'rsetiwler (reportajlar, sholiwlar)di stadionda qalay bolg'an bolsa, tap sonin' ko'shirmesi dep piker;ewge bolmaydi. Televidine bul texnika, oni insan sanasi basqaradi.

Telejurnallar da insan oylawinin' jemisi bolip, olardi do'retiwshilik qubilis keltirip shig'aradi. Ta'jiriybeden ma'lim, televidinede sportqa baylanisli kor'rsetiwler ju'da' ko'p beriledi. Ha'tte O'zbekstan da «Sport» kanali da sho'lkemlestirilgen. Bunday telekanallar Rossiyada, Evropa Awqami ellerinde rawajlang'an. Geypara ma'mleketlerde sporttin' en' ko'p ha'wij alg'an tu'ri futbolg'a arnawli «Futbol» telekanali ha'reket etedi.

Qaraqalpaqstan televidinesinde «sport» rubrikasi turaqli berilip kelmekte, onda sporttin' bir neshe tu'rlerinen reportajlar, sholiwlar beriledi. «Xabar», «Yangiliklar», «Novosti» infarmatsiyaliq da'stu'rlerinde ha'mme xabarlardin' en' son'inan sportqa baylanisli xabarlar turaqli tu'rde beriledi. Biraq olar ju'da az. En' ko'p berilgeni

to’rt xabardan aspaydi. Sonin’ menen birge sportshi alip bariwshilarda qa’liplespegen.

Ma’selen, «Axborot», «Davr» infarmatsiyaliq ko’rsetiwlerinde sport boyinsha arnawli alip bariwshilari menen sholishilar bar.

Sonin’ menen birge sport xabarlarin jetkeriwde tiyisli sholiwlarda qa’liplesken.

Sport tarawi boyinsha qa’niygelesip atirg’an journalist Quandiq Bekbawliev, Sayatxan Jumanazarova televidinemizde berilip atirg’an arnawli ko’rsetiwlerdi alip baradi.

## IV. TELEVIDENIEDE «SPORT» KANALI HA’M ONIN’ O’ZGESHELIKLERI.

«Sport» telekanali da’slep 6 saat ko’leminde jumis baslag’an edi. Ha’zir onin’ ko’rsetiwler ko’lemi eki esege jetti. «Sport» telekanalinda «Xabarlar» infarmatsiyaliq da’stu’ri bolip, onda respublikamizdin’ barliq oblastlarinda ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasinda ju’z bergen sport boyinsha jan’aliqlar berilip bariladi. Bizin’ respublikamizda usi kanaldin’ arnawli xabarshisi Quwandiq Bekbawliev jumis alip baradi.

«Sport» telekanalinda Olimpiada oyinlarinan reportajlar tuwridan-tuwri alip beriledi.

Sonday-aq ha’zirgi waqitta Braziliyada o’tkerilip atirg’an futbol boyinsha jahan shempionatinan transilatsiyalar tuwridan-tuwri janli efirde berilmekte. Bunda texnialiq kemshilikler ju’z beretug’inlig’i ta’biyiy. Futbol kommentatorlarimiz endi tuwridan-tuwri transilatsiyalardi alip bariwda o’zlerinin’ sheberliklerin ko’rsetip atir.

A’lbette, bul shempionatta bizin’ saylandi komandamiz qatinaspaydi. Sonda da telekanal xizmetkerleri ayanbastan xizmet etpekte. Bul da’wirdin’ talabi, endi qaysi komandag’a kim ishqibazliq etetug’inin tekte oyinlar son’inan biliwge boladi.

Jurnalist Quwandiq Bekbawliev «Sport» telekanalinin’ Qaraqalpaqstan Respublikasi boyinsha o’z xabarshisi.

«Sport» telekanalinda futbol oyinlarinan basqa sporttin’ basqa tu’rleri boyinsha transilatsiyalar tuwridan-tuwri reportajlar berilmekte. Misali, tennis boyinsha arnawli ko’rsetiwlerdi tiyisli komentator alip barsa, voleybol boyinsha jarislarg’a komentator Rixsitilla Umarov

sholiw jasaydi. Boks boyinsha turnerlerde arnawli komentatorlari alip barmaqta.

Bizde Qaraqalpaqstan telekanalinda ha’zirgi waqitta «Tennis mektebi» ko’rsetiwi berilip atir. Oni ta’jiriybeli jurnalist Sayatxan Jumanazarova alip barip,tennis sportinin’ sirlari,erisilip atirg’an jetiskenliklerine ken’nen toqtap o’tpekte. Bul ko’rsetiw buring’i ko’rsetiwlerge qaraqg’anda biraz rawajlanip, jetiskenliklerge erispekte.

«Sport» telekanali ko’rsetiwleri infarmatsiyaliq janrlarda ko’birek efirge uzatilmaqta. Bul orinli da, sebebi, infarmatsiya a’sirinde infarmatsiyag’a degen adamlardin’ talabi u’lken. Jarislardin’ Juwmag’i shempionlar haqqindag’i mag’liwmatlardi auditoriya tezirek bilgisi keledi. Bul bag’dar da «Xabarlar» infarmatsiyaliq da’stu’rin alip bariwshi sholishilardin’ sheberliklerin ta’n aliw kerek.

Bu’gingi ku’nde sporttin’ qaysi tu’ri bolmasin kommentatorlarg’a sholiwshilarg’a bolg’an talap artia atir. Ma’selen, texnika rawajlang’an bir ma’halde adamlardin’ futbol oyinlarin tuwridan-tuwri ko’riwge umtiladi, endi oyinlardan jazip aling’an montajlang’an oyinlardan berilgen «transilatsiyalar» ta’sirsizlewdey ko’rinedi.

Bular sholiwshilardan ayriqsha talantti talap etedi. Komentator aldinda komandalar ta’rtibinen basqa hesh qanday qag’az bolmaydi. Bir yarim saat dawaminda ushirasiwdi ko’rip, tamasha etip atirg’an tamashago’ylerge mag’liwmat beriw, oyin na’pesin jetkeriw an’satliuq penen bolmaydi. Qandayda bir komandani sing’a alip jibersen’iz tamashago’yler jaman ko’rip qaliwida turg’an ga’p yamasa kerisinshe boliwida mu’mkin.

## JUWMAQLAW

Jergilili televidinedegi sport ko'rsetiwlerin analizlep to'mendegi juwmaqlarg'a keldik:

Birinshiden, sholiwshilarda basqa telekanallarg'a eliklewleri sezilip qaladi. Bazi waqitta futbol boyinsha transilatsiyalardi ko'rip otirip «ja'riyma tobi», «topti kirgizdi» degen so'z dizbeklerin ko'p esleymiz, ya'ki bolmasa, geypara waqitlari «qiziqarli» degen epitetti ko'p esletedi.

Ekinshiden, sport sholiwshilarimiz oyindi su'wretlewge ko'birek umtiladi. Ma'selen, top maydannin' shep ta'repinde, ekinshi yariminda dep su'wretlep otiradi. Onsizda toptin' qay jerde ekenligin ko'riwshi ekran arqali ko'rip atir. Bizin'she bunday su'wretlewler radiotransilatsiyalarda qol keliwi mu'mkin. Sebebi, radio tin'lawshi tekte tin'laydi, ko'riw imkaniyati joq. Ol sholiwshinin' tu'sindiriwi boyinsha qiyalinda oyinda keltirip baradi.

Ha'zirgio waqitta televidinemizdegi sholiwshilardan zamanago'y stilde alip bariw usili yag'niy dialogqa o'tip atir. Bul usilda sholiwshio Sayatxan Jumanazarova tennis sporti boyinsha ko'rsetiwin keltirsek boladi. Biraq, bunda sholiwshilar birin-biri bayitiw kerek bolsa, olar ekewlep oyinin' barisin su'wretlege umtilip ketedi.

Bizin'she dialog alip bariwg'a sol tarawdin' jetik qa'niygesin mira't etip ha'm futboldan ha'm tennisten ha'm qa'niygeden zawiq penen birge ma'limleme aliw kerek dep oylaymiz.

Telejurnalist sholiwshilar ju'da' tezlesip operativ usilda infarmatsiyalar jetkeredi. Degen menen temani teren' sa'wlelendire

almaydi, aytayiq olar tekte oyinlar tuwral mag'liwmatlar beriw menen sheklenedi. Olardin' ma'limlemelerin tin'lap qarasan' ba'ri birdey seziledi. Yag'niy oyinlardin' o'tkeriliwi ushin jaqsi tayarliqlar ko'riliwi, jarisqa kelenlerdin' ku'tip aliniwi boyinsha soraw juaplar beriledi. Al bul jerde sol o'tkerilgen oyinlardin' bag'iti, kimler utildi, qaysi komanda jen'di, sebepleri need usilarg'a toqtag'anda bir qansha tartimli bolar edi.

Auditoriyag'a ne qiziq? En' baslisi, jaristin' na'tiyjesi qiziq. Komandalardin' jen'isi, jen'ilisi tuwrali mag'liwmatlardi asig'isliq penen ku'tedi.

## PAYDALANILG’AN A’DEBIYATLAR


1. **Karimov. I.A Biz o’z kelajagimizni o’z qolimiz bilan quramiz. T. 1999.**
2. **Ommoviy sport targ’ibotini yanada kushaytirich shora-tadbirlari tog’risida. O’zbekistan Respublikasi Ministirler Kabineti baslig’inin’ 203-jili 4-noyabrdegi qarari.**
3. **Sportivnaya jurnalistika. Sank-Peterburg 2005.**
4. **Ma’mbetov B. Qaraqalpaqstanda Fizkultura ha’m sporttin’ payda boliw ha’m rawajlaniw da’wirleri. No’kis 2006.**
5. **Qaraqqalpaqstan, O’zbekistan, Sport telekanalinin’ sport ko’rsetiwleri**